



RESPONSABILITE OU YO SE:

- ✓ Travay avèk travayè sosyal ou a pou elabore yon plan pou okipe tèt ou (ak fanmi ou) san ou pa sèvi ak asistans an lajan kach. Sa gen ladan depoze demann soutnans pou timoun oswa pou mari/madanm sòf si ou gen yon rezon valab pou pa fè sa.
- ✓ Travay avèk travayè sosyal ou a pou tabli nouvo bi si sityasyon w lan chanje, epi di travayè sosyal ou a sa lè ou fini ak pati nan plan w lan.
- ✓ Konplete etap yo nan plan w lan (atenn bi ou yo) disa dat ou te diskite sou yo avèk travayè sosyal ou a.
- ✓ Fè pitit ou yo al lekòl.
- ✓ Kolabore avèk echantiyonaj owaza Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen yo (Temporary Assistance for Needy Families, TANF) si nou mande ou sa. Sa ta ka gen ladan bay travayè sosyal ou a orè travay ou oswa aktivite ou ki gen pou wè ak travay.
- ✓ Sèvi ak fon TANF ou resevwa yo sou kat Transfè Avantaj Elektwonik ou a (Electronic Benefits Transfer, EBT) oswa sou kat PA ACCESS ou a pou tranzaksyon ki otorize yo. Ou pa gen dwa sèvi ak fon TANF ou resevwa sou kat EBT oswa PA ACCESS ou a pou fè tranzaksyon transfè avantaj elektwonik (EBT) nan magazen bwason; kazino (kazino jwèt aza, etablisman jwèt lajan); ni nan kote pou plezi granmoun kote atis yo ap dezabiye oswa fè espektak san rad.
- ✓ Sèvi ak lajan prestasyon espesyal ou resevwa a pou peye pou bagay oswa sèvis ou te mande yo. Ou dwe bay prèv jan ou te depanse lajan an disa 14 jou apre ou fin resevwa lajan an.
 - Si ou pa sèvi ak lajan an pou bagay oswa sèvis nou te ba ou prestasyon espesyal la pou yo a epi ou pa bay prèv (tankou resi) ou te sèvi ak lajan an nan objektif sa a, ou gen dwa gen pou remèt lajan an.
- ✓ Jeneralman, ou dwe travay oswa patisipe nan yon aktivite travay ki apwouve (sòf si ou gen egzansyon oswa ou tabli rezon valab) pandan omwen kantite èdtan nou egzijè pou moun lakay ou yo.
- ✓ Kenbe tèt ou ak pitit ou yo an sante se yon pa enpòtan nan direksyon endepandans.
- ✓ Si ou ansent, li enpòtan pou w respekte tout randevou doktè oswa klinik ou a planifye yo.
- ✓ Ranpli, siyen, epi date yon AMR nou te voye pa lapòs pou ou epi voye li remèt disa 30 jou apre dat siyati biwo asistans konte a (county assistance office, CAO) ki sou AMR la.

RESPONSABILITE NOU YO SE:

- ✓ Eksplike ou gen dwa resevwa asistans an lajan kach nan men Pwogram TANF la pandan yon total 5 ane (60 mwa) sèlman nan lavi ou. TANF ofri èd pwovizwa jiskaske ou ak fanmi ou kapab okipe tèt nou ankò. Ou gen dwa kalifye pou pwolongasyon TANF la lè ou fin rive sou limit 5 ane TANF la si ou nan sikonstans espesyal.
- ✓ Eksplike gen èd pou peye pou gadri ki disponib pou ou ka ale lekòl, nan travay, oswa patisipe nan lòt aktivite pou ede ou kalifye pou yon djòb.
- ✓ Eksplike ki prestasyon espesyal pou sèvis soutyen tankou transpò, gadri, ak rad, ki gen dwa disponib pou ou epi ede ou jwenn papye ki nesèsè yo pou kalifye pou sèvis soutyen sa yo.
- ✓ Eksplike ke tout aktivite yo, sa gen ladan sa ou gen dwa kòmanse poukont ou yo, dwe jwenn apwobasyon depatman an.
- ✓ Ede ou jwenn lòt gwoup ak/oswa moun ki kapab ede ou avèk plan ou yo pou atenn bi ou yo.
- ✓ Eksplike lòt jan nou kapab ede ou, tankou Pwogram Defans Moun ki gen Andikap la (Disability Advocacy Program, DAP), Kredi sou Revni Travay la (Earned Income Credit, EIC) ak lòt jan nou kapab ede viktim vyolans famiyal.
- ✓ Eksplike opòtinite edikasyon ak fòmasyon ki disponib yo.
- ✓ Eksplike ou gen dwa pote tèt ou volontè pou aktivite ki gen pou wè ak travay oswa edikasyon/fòmasyon si ou pa oblije travay.
- ✓ Ba ou enfòmasyon sou Pwogram Asistans Siplemanntè pou Nitrisyon an (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), ak posibilite kontinye resevwa SNAP, Medicaid, ak asistans pou gadri lè ou sispann resevwa TANF poutèt lajan ou fè nan travay.
- ✓ Eksplike si ou resevwa yon sèl gwo peman yon grenn kou e kounye a w ap fè demann pou asistans an lajan kach pandan menm peryòd la, ou oblije remèt tout oswa yon pòsyon nan sèl gwo peman an pou peryòd sa a.
- ✓ Eksplike ou gen dwa jwenn transpò pou ale kay doktè ou oswa nan klinik ou.
- ✓ Eksplike ou dwe patisipe nan tretman pou dwòg oswa alkòl ki disponib si toksikomani anpeche ou jwenn oswa manm kenbe yon djòb.
- ✓ Eksplike si ou oswa manm fanmi ou gen yon andikap fizik oswa entelektiyèl oswa yon pwoblèm mantal ki anpeche ou travay, nou kapab voye ou nan yon ajans ki kapab ede ou. Tout sèvis yo ap konfidansyèl.
- ✓ Eksplike ou dwe ranpli, siyen, ak date yon AMR nou voye pou ou pa lapòs disa 30 jou apre dat siyati biwo asistans konte a (county assistance office, CAO) sou AMR la, oubyen ou ak fanmi ou gen dwa pa kalifye pou asistans an lajan kach.

PLAN POU OKIPE TÈT MWEN AK FANMI MWEN

AKÒ RESPONSABILITE RESIPWÒK

LIY NIM:	NON:		
KONTE:	DOSYE NIM:	NIMEWO TELEFÒN:	DAT:

REZIME DOSYE A: Pou CAO itilize. Travayè sosyal ou a pral ranpli fòmilè sa a avèk ou.

Kantite jou TANF: _____ Kantite jou GA: _____

Ki kote ou rive lekòl: _____

Dat nesans timoun ou genyen ki pi piti a: _____

Kantite semèn Eksperyans Travay Peye ou fè: _____

Kantite èdtan Sèvis Kominotè Valab pa semèn: _____

BI YO: Ki kalite travay oswa revni k ap pèmèt ou vin finansyèman endepandan ou pral chèche? Ki fòmasyon oswa edikasyon ou ta ka bezwen?

Alontèm:

Premye etap yo:

BARYÈ KI ANPECHE OU ATENN OBJEKTIF OU YO: An nou ranpli lis kontwòl Evalyasyon Preparasyon pou Travay la.

SITIYASYON ANPLWA AK FÒMASYON: An nou wè si pou w respekte kondisyon travay yo.

Obligatwa Egzante

ESTATI PATISIPASYON: An nou gade baryè ou yo pou wè ki konsekans yo genyen sou kapasite ou pou patisipe nan yon aktivite.

Nou egzaminen kòz valab la ak egzansyon yo e yo:

Apwouve Jwenn Refi Pa Aplikab

Rezon:

ASISTANS AK REFERANS NAN AJANS: An nou wè kijan nou oswa yon lòt ajans kapab ede ou.

PLAN POU OKIPE TÈT MWEN AK FANMI MWEN

AKÒ RESPONSABILITE RESIPWÒK

LIY NIM:	NON:		
KONTE:	DOSYE NIM:	NIMEWO TELEFÒN:	DAT:

AKTIVITE PATISIPASYON:

Kisa:

Ki kote:

Ki lè:

Orè:

Ou dwe patisipe _____ èdtan fiks pa semèn ak nan _____ èdtan ki pa fiks pa semèn.

Kisa:

Ki kote:

Ki lè:

Orè:

Ou dwe patisipe _____ èdtan fiks pa semèn ak nan _____ èdtan ki pa fiks pa semèn.

DWA OU YO:

Anvan nou redui oswa sispann avantaj ou yo, ou gen dwa pou ou fè nou egzaminen dosye w lan pou decide si ou te gen yon kòz valab (yon rezon valab) pou w pa respekte kondisyon yo. Ou gen dwa pou w resevwa yon avi aksyon anvan nou redui oswa sispann avantaj ou yo. Ou gen dwa fè apèl epi mande yon odyans ekitab si ou pa dakò ak desizyon nou an. Avantaj ou yo ap kontinye si apèl ou a gen so lapòs ki gen mwens pase dis jou oswa si nou resevwa li disisi dis jou apre dat nou te poste avi k ap pwopoze redui oswa sispann avantaj ou yo.

KÒZ VALAB:

N ap konsidere yon kòz valab si rezon ki fè ou pa respekte etap yo nan Plan pou Okipe Tèt Mwen ak Fanmi Mwen an pa sou kontwòl ou. Egzanp kòz valab se vyolans familyal, absans gadri apwopriye, oswa nesosite okipe yon moun ki andikape oswa malad.

Fè rapò sou plan sa a bay _____ disisi: _____
 Non Travayè a _____ Dat _____ Nimewo Telefòn _____

Mwen li epi mwen konprann fòmilè sa a, ki rele Akò Responsabilite Resipwòk (Agreement of Mutual Responsibility, AMR), mwen konnen mwen dwe siyen AMR la pou resevwa èd an lajan kach. Mwen konnen lè mwen siyen AMR la sa vle di m ap fè sa plan AMR la di mwen pou mwen fè. Mwen konnen si mwen pa fè sa ki nan plan an, san rezon valab, mwen gen dwa sibi "penalite" ki sou paj 4 AMR sa a. Mwen konnen si mwen pa siyen AMR sa a - sòf si mwen gen rezon valab - fanmi mwen ak mwen gen dwa pa jwenn èd an lajan kach (62 P.S. 405.3). Mwen konnen m ap jwenn penalite ki genyen yo si mwen pa siyen AMR la sou paj 4 fòmilè sa a.

Siyati Kliyan an

Dat

Siyati Ajans la

Dat

Inisyèl Kliyan an

Dat

Inisyèl Ajans la

Dat

PENALITE AKÒ A

SI OU REFIZE OSWA FÈ ESPRE PA:	PENALITE A SE PRAL:
Etabli yon plan avèk travayè sosyal ou a epi siyen Akò Responsabilite Resipwòk la (AMR), sòf si ou gen rezon valab pou w pa fè sa.	Ou p ap kalifye pou asistans an lajan kach toutotan ou pa siyen AMR sa a. Si ou oswa yon lòt granmoun te deja resevwa 60 mwa TANF, ou ak fanmi ou p ap kalifye pou asistans an lajan kach.
Siyen AMR nou te voye pa lapòs pou ou a epi voye AMR la remèt dis 30 jou apre dat siyati biwo asistans konte a (county assistance office, CAO) ki sou AMR la.	Ou p ap kalifye pou asistans an lajan kach si ou pa voye remèt AMR la dis 30 jou. Si ou oswa yon lòt granmoun te deja resevwa 60 mwa TANF, ou ak fanmi ou pa kalifye pou asistans an lajan kach.
Kolabore avèk kondisyon pou chèche soutnans ak/oswa verifiye patènite a, sòf si ou gen rezon valab pou pa fè sa.	Avantaj asistans an lajan kach mansyèl ou a ap redui pa 25 pousan.
Respekte kondisyon travay yo, sòf si ou gen rezon valab pou pa fè sa. Men kèk egzanp, men gen lòt toujou: <ul style="list-style-type: none"> • patisipe nan yon travay oswa nan yon aktivite travay, sa gen ladan edikasyon ak fòmasyon; • chèche travay aktivman epi bay dokimantasyon yo mande a; epi • aksepte ak kenbe travay ki disponib. 	<p>1ye vyolasyon – Ou p ap kalifye pandan yon minimòm 30 jou oswa toutotan ou pa konfòme ou, kèlkeswa sa ki dire pi lontan an.</p> <p>2yèm vyolasyon – Ou p ap kalifye pandan yon minimòm 60 jou oswa toutotan ou pa konfòme ou, kèlkeswa sa ki dire pi lontan an.</p> <p>3yèm vyolasyon – W ap diskalifye pou toutan.</p> <p>Si rezon sanksyon an rive nan premye 24 mwa kote w ap resevwa asistans an lajan kach la, ke yo youn dèyè lòt ke asistans la te kanpe, sanksyon an aplike sèlman pou moun nan.</p> <p>Si rezon sanksyon an rive apre premye 24 mwa kote w ap resevwa asistans an lajan kach la, ke yo youn dèyè lòt ke asistans la te kanpe, sanksyon an aplike pou tout fanmi an nèt.</p>
Kontinye touche lajan poutèt ou volontèman, ak san rezon valab, redui kantite lè travay ou yo a mwens pase 20 èdtan pa semèn.	Sibvansyon w lan ap redui pa yon montan ki egal sa ou t ap touche a si ou pa t volontèman redui kantite èdtan ou yo.
Patisipe nan tretman pou dwòg oswa alkòl ki disponib si toksikomani anpeche ou jwenn oswa kenbe yon djòb.	Ou p ap kalifye pou pati pa w la nan sibvansyon an lajan kach la toutotan ou pa kolabore avèk yon plan tretman ki disponib.
Fè demann pou lòt sous revni posib.	Ou pa kalifye toutotan ou pa dakò respekte kondisyon yo. Si ou oswa yon lòt granmoun te deja resevwa 60 mwa TANF, ou ak fanmi ou pa kalifye toutotan ou pa konfòme ou.
Bay prèv dis 14 jou jan ou te depanse lajan prestasyon espesyal la.	Ou gen dwa gen pou remèt lajan an si ou pa t sèvi ak lajan prestasyon espesyal ou te resevwa a pou peye pou bagay oswa sèvis ou te mande yo.